

Tembung Sengkalan lengkap Jenis, 10 Watak, dan contohnya

Kawruh basa.com - Tembung sengkalan asale saka tembung *saka* lan *kala*. Mungguh kang dikarepake sengkalan yaiku unen-unen kang nduweni teges angka ing tahun.

Dalam bahasa Indonesia, tembung sengkalan berasal dari dua kata, yaitu "*saka*" dan "*kala*", yang jika didefinisikan tembung sengkalan yaitu kalimat bahasa Jawa yang memiliki arti angka tahun.

2 jenis tembung sengkalan

Berdasarkan wujud dan gabungan katanya, sengkalan dibagi menjadi dua, yaitu *sengkalan lamba* dan *sengkalan memet*.

1. Sengkalan Lamba

Sengkalan lamba yaiku sengkalan kang awujud kumpulaning tembung utawa ukara. Sengkalan jenis iki akeh tinemu ing layang, pasareyan, gapura, lsp.

Artinya, sengkalan lamba yaitu sengkalan yang berwujud kumpulan kata atau kalimat. Sengkalan jenis ini banyak ditemukan di surat, makam, gapura, dan sebagainya.

Tuladha (contoh):

- Sapta Jana Surya = th. 1217
- Dwi Gaja Rawi = th. 1282

2. Sengkalan Memet

Sengkalan memet yaiku sengkalan kang awujud gegambaran utawa pepethan. (bahasa Indonesia: Sengkalan memet adalah sengkalan yang berwujud menggambarkan atau melukisan).

Tuladha (contoh):

- Ing Magangan Kraton Ngayogyakarta ana pepethan wujud *ula naga loro*, pethite padha pepaletan.

Saka rakitan tembung kasebut kena diwaca: Dwi Naga Ngrasa Tunggal = th. 1682.

Cara memaknai sengkalan

Carane nyurasa utawa maca sengkalan iku kawiwitan saka ekane, banjur dhasar, yen ana atusan lan ewone. (Adapun cara membaca, memaknai atau mengartikan sengkalan dimulai dari satu, dasar, kalau ada ratusan dan ribuan)

Tuladha (contoh):

"Guna Luhur Tataning Ratu"

Makna:

- **Guna = 3**
- **Luhur = 0**
- **Tataning = 5**
- **Ratu = 1**

Jadi: **th. 1503**

Pelajari juga [137 Tembung Mbangetake dalam bahasa Jawa dari A sampai Z lengkap contoh kalimatnya](#)

10 watak sengkalan

Tembung-tembung sengkalan kang dianggep nduweni watak utawa ajining wilangan yaiku: (Kata sengkalan yang dianggap memiliki watak atau bernilai angka yaitu:)

Watak siji (berwatak satu)

1. Tembung-tembung kang cacache mung siji, kayata: (kata yang jumlahnya cuma satu, seperti:) *rak, wudel, bumi, bunut, iku, sirah, ratu, aji, nata, widhi, tyas, badan*, dan lain-lain.
2. Tembung-tembung araning barang kang wangune bunder, kayata: (Kata yang nama barang yang pantasnya berbentuk bulat, seperti:) *rembulan, bumi, jagad, rupa, srengenge, rai, lek, candra, wulan*, dan lain-lain.
3. Tembung-tembung kang ateges siji, kayata: (kata-kata yang berarti satu, seperti:) *tunggal, eka, iji, juga*, dan lain-lain.
4. Tembung-tembung liyane, kayata: (kata-kata lainnya, seperti:) *urip, gusti, janma, kenya, prawan, nyata, putra, sunu*, dan lain-lain.

Watak loro (berwatak dua)

1. Tembung-tembung kang ngemu teges cacache loro (2), kayata: (kata yang mengandung makna jumlahnya dua, seperti:) *mripat, kuping, tangan, asta, suku, drestu, alis, budja, ati-ati, swiwi*, dan lain-lain.
2. Tembung-tembung kang nuduhake kriyane tembung-tembung ing ndhuwur, kayata: *ndeleng, ngrungu, ndulu, nembah, myat*, dan lain-lain.
3. Tembung-tembung kang tegese loro (kata yang maknanya dua (2)), seperti: *dwi, kalih*, dan lain-lain.
4. Tembung-tembung liyane (kata lainnya), seperti: *gandheng, kanthi, kanter*, dan lain-lain.

Watak telu (berwatak tiga)

1. Kang nduweni sesipatan telu (yang bersifat tiga) seperti: *cahni, pawaka, sikang, dahana, anala, utawaka, puji*, dan lain-lain.
2. Tembung-tembung kang kanggo wanda tri utawa teges telu (kata yang menggunakan tiga suku kata atau bermakna tiga), seperti: *mantri, tiga, hantelu*, dan lain-lain.
3. Tembung-tembung (kata-kata) seperti: *uta, lintah, ujel, welut, nahuti, cacing lir, kaya, wrin, guna, kukus, rama, uruh, panas*, dan lain-lain.

Watak papat (berwatak empat)

1. Bangsane banyu utawa kang ngemu banyu (sejenis air atau yang bermakna air), seperti: *her, sindu, warih, suci, tirta, wedang, bun, udan, segara, waudadi, samodra, jalanidi, bening, nadi, sumber, sumur, wasuh*, dan lain-lain.
2. Tembung kang ateges papat (kata yang berarti empat), seperti: *catur, pat*, dan lain-lain.
3. Tembung kang ateges gawe (kata yang berarti membuat), seperti: *karta, kerja, kirti, kardi*, dan lain-lain.

Watak lima (berwatak lima)

1. Araning barang kang cacah lima (nama barang yang berjumlah lima), seperti: *indri, indriya, pandawa*, dan lain-lain.
2. Bangsane buta (sebangsa raksasa), seperti: *yaksa, diyu, wil, raseksa*, dan lain-lain.
3. Bangsane gegaman (sejenis senjata), seperti: *panah, warajang, bana, sara, keris, tumbak*, dll.
4. Bangsane angin (sejenis angin), seperti: bayu, samirana, maruta, anila, pawana, sindhung, dll.
5. Tembung-tembung liyane (kata-kata lainnya), seperti: *wisikan, wisaya, pancakara, pancawarna, langit, landhep, galak*, dll.
6. Tembung kang teges lima (kata yang berarti lima), seperti: *gangsals, panca*.

Pelajari juga [100 Arane Anak Kewan dalam bahasa Jawa lengkap Swarane](#)

Watak enem (berwatak enam)

1. Tembung -tembung kang mratelakake (kata-kata yang menyatakan), seperti: *rasa, pedhes, lona, amla, kecut, tikta, pait, kyasa, gurih, dura, asin, sarkara, legi*, dll.
2. Tembung-tembung kang nduweni sipat kang gegayutan karo tembung-tembung ing dhuwur (kata-kata yang memiliki sifat berhubungan dengan kata-kata di atas), seperti: *gendhis, gula, uyah, asem*, dll.
3. Tembung-tembung jeneng kewan kang asikil enem (kata-kata nama hewan yang berkaki enam), seperti: *gana, tawon, bramara, kombang, anggang-anggang, semut*, dll.
4. Tembung-tembung liyane (kata lainnya), seperti: *raras, retu, ojang, obah, wreksa, prabatang, wayang, sedih, ilat, kilat*, dll.

Watak pitu (berwatak tujuh)

1. Bangsane kang amaratapa (sejenis pertapa), seperti: *wiku, biksu, resi, dwija, pandhita, yogiswara, muntri suyati*, dll.

2. [Dasanamane](#) jaran (dasanama kuda), seperti: *kuta, wajik, aswa, turangga, titihan, swa, undhakan, kalangkya*, dll.

Watak wolu (berwatak delapan)

1. Jenenge kewan kang kagolong kewan memangsani (nama hewan yang tergolong jenis hewan pemangsa), seperti: *baya, bajul, slira, menyawak, bunglon, murti basu, tekek, cecak, ula, naga, budjanga, taksaka*, dll.
2. Dasanaming gajah, seperti: *dwipangga, liman, esti, dirada, matengga, kundjara, asti, esthi, dwirocana, dwaradha, dwipa, samadya, samaja, waniti, pinggala, gajaksa, gathamuthu, bajramuka*, dll.
3. Tembung-tembung liyane (kata lainnya), seperti: *samadya, brahmana, manggala*, dll

Watak sanga (berwatak sembilan)

1. Barang-barang kang wujudte bolong (barang-barang yang berlubang), seperti: *gapura, guwa, dwara, gatra, leng, rong, trusta, trusti, song, babahan*, dll.
2. Tembung-tembung liyana (kata lainnya), seperti: *ganda, muka, butul, dwa, ambuka, wangi*, dll

Watak sepuluh (berwatak sepuluh)

Yaiku tembung-tembung kang ngemu teges ora ana utawa suwung (yaitu kata-kata yang bermakna kosong), seperti: *sunja, boma, gegana, wiyati, nir, tanpa, ilang, mletik, sirna, musna, adoh, antariksa, rusak, luhur, dhuwur, muksa, ngumbara, muluk, mumbul, mati, awang-awang, angles, mentar, oncat, asat, surut, sempal, tumenga, mesat*, dll.

Pelajari juga [Arane Piranti, Wadhah, dan kegunaannya dalam bahasa Jawa lengkap artinya](#)

Demikian yang dapat kami sampaikan mengenai contoh tembung sengkalan, semoga bermanfaat bagi yang membutuhkan. Selalu kunjungi [Kawruh Basa](#) agar tidak ketinggalan update artikel kami seputar pembelajaran bahasa Jawa, atau ikuti kami di [Google News](#)